

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Dina kahirupan sapopoé, manusa teu leupas tina kabudayaan. Ku sabab manusa nu nyiptakeun kabudayaan jeung nu ngagunakeun kabudayaan éta. Manusa hirup ku lantaran ayana kabudayaan. Kabudayaan bakal terus tumuwuh luyu jeung kamekaran téhnologi.

Manusa mangrupa mahluk sosial, hartina teu bisa hirup sorangan, tapi butuh jalma séjén pikeun kahirupanana. Ku kituna, manusa hirup dina hiji kelompok anu disebut masarakat.

Nurutkeun Danadibrata (2006: 108), budaya asal kecap tina “*budi*” jeung “*daya*” anu hartina usaha, tanaga, karep, pikiran, jeung parasaan jelema. Sedengkeun harti kabudayaan nya éta hasil, tanaga, karep, pikiran, sarta parasaan jelema guna nambahan kasenangan jeung kanimatan jelema ku rupa-rupa akal jelema.

E.B. Tylor (dina Effendi, Spk. 2007: 94), nétélakeun yén budaya nya éta hiji beungkeutan nu dijerona aya pangaweruh, kapercayaan, kasenian, moral, paélmuan, hukum, adat-istiadat, jeung kamampuh séjén nu aya dina diri manusa minangka anggota masarakat.

Nurutkeun élmu antropologi, kabudayaan nya éta sakabéh sistem gagasan, tindakan jeung hasil karya manusa dina kahirupan masarakat nu dipiboga manusa ku cara diajar (Koentjaraningrat, 2009: 144).

R. Linton (dina Effendi, Spk. 2007: 94), kabudayaan disawang minangka *konfigurasi* paripolah nu diajarkeun jeung hasil tina paripolah éta sorangan. Dimana unsur pangwangunna dirojong jeung diteruskeun ku anggota masarakat séjénna.

Nurutkeun Koéntjaraningrat (2009: 145), kabudayaan nya éta sakabéh sistem gagasan nu aya dina diri manusa nu dimeunangkeun ku cara diajar.

Sumardjan jeung Soemardi (dina Effendi, Spk. 2007: 94), nétélakeun yén kabudayaan nya éta sakabéh hasil karya, rasa, jeung cipta masarakat.

Manusa jeung kabudayaan moal bisa dipisahkeun. Sabab, dina hakékatna manusa bakal terus aya hubungan jeung budaya atawa kabudayaan. Nurutkeun Herkovits jeung Malinowski (dina Effendi, Spk. 2007: 93) antara manusa jeung kabudayaan raket patalina sabab *cultural determinism* anu miboga harti sakabéh unsur nu aya di masarakat ditangtukeun ku ayana kabudayaan nu dipiboga ku masarakat éta sorangan. Kabudayaan minangka hiji *superorganic*, anu hartina hasil tina turun tumurun, anapon manusana sorangan anu sok ngaruksakna. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén kabudayaan nya éta hasil tina pikiran jeung parasaan manusa, guna nambahan kasenangan jeung kani'matan nu mangrupa hasil karya, rasa, jeung cipta manusa.

Ajén ngandung harti pangaji, harga (LBSS, 1995: 18). Ajén di dieu lain hartina harga nu bisa diukur ku angka, tapi nu patalina jeung norma kahirupan.

Atikan asal kecap tina atik nya éta hal ngatik atawa nu ngatik (LBSS 1995: 27). Nurutkeun Danadibrata (2006: 39), atikan nya éta pangajaran kana jalan kahadéan, méré, malajarkeun, warah, ngabingbing.

Nurutkeun Undang-Undang Dasar RI. No. 20. Taun 2003 pasal 1 ayat 1 (dina Landasan Pendidikan, 2007: 215), atikan nya éta:

“usaha sadar dan terencana untuk mewujudkan suasana belajar dan proses pembelajaran agar peserta didik secara aktif mengembangkan potensi dirinya untuk memiliki kekuatan spritual, keagamaan, pengendalian diri, kepribadian, kecerdasan, akhlak mulia serta keterampilan yang diperlukan dirinya, masarakat, bangsa dan negara.”

Kaulinan tradisional minangka hasil tina kabudayaan anu dipibanda ku masarakat, salasihijina nya éta kaulinan barudak. Ilaharna dina unggal bangsa miboga kaulinan rahayat hususna kaulinan barudak. Nurutkeun Danandjaja (2002: 171), kaulinan rahayat biasana dumasar kana *gerak tubuh* saperti lumpat, udag-udagan, susulumputan, sedengkeun anu dumasar kana matematika dasar atawa *kecekatan tangan* saperti ngitung jeung malangkeun batu.

Kaulinan barudak kaasup kana folklor. Ku sabab, dihasilkeunana ngaliwatan warisan lisan. Tapi di sagigireun éta aya unsur-unsur lain lisan nu nyangkaruk dina kaulinan barudak. Kaulinan barudak atawa kaulinan tradisional mangrupa salasihiji wangun folklor sabagian lisan. Ku kituna, dina unggal wewengkon kaulinan barudak téh béda-béda, boh ditilik tina ngaran kaulinana, pakakasna, boh aturanana. Hal ieu dilantaranan ku prosés sumebarna anu ngaliwatan tradisi lisan.

Nurgiyantoro (dina Endraswara, 2009: 65), dina kaulinan barudak biasana aya kakawihanana. Kakawihan-kakawihan nu aya dina kaulinan barudak sumebarna ngaliwatan tradisi lisan nu miboga unsur kaéndahan, hususna kaéndahan-kaéndahan dina wangun kabasaanana sarta miboga ajén atikan nu bakal mangaruhan kana paripolah.

Wangun-wangun folklor anu kaasup kana kelompok sabagian lisan nya éta: (1) kapercayaan rahayat, (2) kaulinan rahayat, (3) téater rahayat, (4) adat-istiadat, (5) upacara jeung (6) pésta rahayat (Danandjaja, 2002: 171).

Dumasar kana sipatna, kaulinan rahayat dibagi jadi dua golongan nya éta: (1) kaulinan pikeun ulin atawa heureuy; (2) kaulinan anu tujuanana pikeun lomba.

Bédana kaulinan anu tujuanana pikeun ulin atawa heureuy jeung kaulinan anu tujuanana pikeun lomba nya éta kaulinan anu tujuanana pikeun ulin, leuwih kana hiburan atawa ngeusi dina waktu kosong, sedengkeun kaulinan nu tujuanana pikeun lomba miboga sipat husus.

Aya lima sipat dina kaulinan rahayat anu tujuanana pikeun lomba, nya éta:

- 1) miboga aturan nu tangtu;
- 2) dina kaulinana leuwih ngatur atawa *terorganisasi*;
- 3) sipatna lomba atawa *perlombaan*;
- 4) dipaénkeun paling saeutik ku duaan; jeung
- 5) dina ahir kaulinana aya katangtuan nu meunang jeung nu éléh.

Kaulinan barudak saenyana lain kagiatan nu euweuh gunana. Ulin mangrupa kagiatan nu jadi dasar tina kamekaran barudak, hartina mangrupa sarana pikeun numuwuhkeun ajén-inajén pikeun mekarkeun kapribadian budak. Kaulinan mangrupa média pikeun ngawangun solidaritas jeung ngajauhkeun tina mumusuhan. Salian ti éta, kaulinan ogé bisa jadi sarana pikeun silaturahmi antar papada.

Nurutkeun Danadibrata (2006: 725), kaulinan nya éta sagala nu sok dibawa, dipaké, cocooan, kaulinan barudak. Nilik kana jaman kiwari, loba

barudak anu teu wanoh kana kaulinan tradisional, hususna kaulinan tradisional Sunda, ku sabab ayana kaulinan anu tumuwuh nurutkeun jaman, kaulinan barudak anu miboga ajén-ajén atikan beuki dieu beuki euweuh. Padahal dibandingkeun jeung kaulinan nu aya di jaman kiwari, kaulinan tradisional miboga ajén atikan nu kacida pentingna pikeun numuwuhkeun rasa solidaritas, numuwuhkeun kakuatan jiwa éstétis, jujur, tanggung jawab, sarta atikan nu bisa nyiptakeun kasugemaan ku cara ngaregepkeun, ngawihkeun, maénkeun kaulinan-kaulinan tradisional. Sedengkeun kaulinan anu ayeuna mah leuwih kana kasugemaan nu ngajadikeun barudak teu paduli kana lingkungan sabudeureunana.

Manusa merlukeun kamekaran téhnologi pikeun kamajuan dina kahirupanana. Téhnologi asal kecapna tina basa Yunani kuno nya éta *techne* jeung *logia*. *Techne* miboga harti seni sedengkeun *logia* miboga harti rajin (Efendi, spk. 2007: 127). Cindekna, téhnologi nya éta robahna wangun ti alam, téhnologi mangrupa wujud réalitas atawa kanyataan nu dimeunangkeun tina dunya idé.

Niténan kana kondisi kiwari, kamekaran téhnologi mangaruhan kana kamekaran kaulinan barudak. Di jaman kiwari barudak leuwih apal kana *PS2*, *PS3* jeung réa-réa deui kaulinan nu leuwih canggih. Padahal kaulinan rahayat hususna kaulinan barudak di tatar Sunda leuwih loba mangpaatna tibatan kaulinan anu aya di jaman ayeuna. Kaulinan jaman ayeuna bakal ngajadikeun barudak miboga sipat *individualis* atawa teu paduli ka lingkungan nu aya disabudeureunana.

Salian ti kamekaran téhnologi, perkara séjén anu ngajadikeun barudak teu wanoh kana kaulinan tradisional Sunda nya éta beuki heureutna buruan nu sok biasa dipaké pikeun arulin ku barudak.

Kaulinan barudak miboga ajén atikan anu gedé mangpaatna pikeun ngamekarkeun jiwa, ahlak tur moral sarta tumuwuhna kaparigelan, karancagéan jeung paripolah anu bakal ngajadikeun hiji sikep jiwa nu hadé dina mangsa nu bakal datang. Ku kituna, kudu aya tarékah ngariksa jeung ngamumulé kabudayaan Sunda hususna dina kaulinan rahayat, sangkan barudak Sunda dina mangsa nu bakal datang masih kénéh wanoh, ngarti jeung surti kana naon anu jadi ajén-inajén nu aya dina kaulinan tradisional Sunda.

Dina panalungtikan ngeunaan kaulinan barudak anu kungsi dilaksanakeun di antarana: (1) ku Dede Priana Putra (045917) anu judulna “Ajén Sosiologis Kaulinan Tradisional di Désa Sukatali Kecamatan Situraja Kabupatén Sumedang” jeung ku Januar Prayitno (054037) anu judulna “Kaulinan Barudak Lembur di Kecamatan Sétu Kabupatén Bekasi: (Pikeun Bahan Ajar di SD Taman Rahayu 01 Kecamatan Sétu Kab. Bekasi)”. Dumasar kana katerangan di luhur, panalungtikan ngeunaan kaulinan tradisional Sunda geus aya nu nalungtik. Tapi, anu nalungtik ngeunaan ajén atikanana can aya . Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan kana éta hal nu dijudulan *Ajén Atikan dina Kaulinan Barudak Lembur di Désa Sukamaju Kecamatan Cigudeg Kabupatén Bogor Pikeun Bahan Pangajaran di SD.*

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Ajén-inajén anu aya dina kaulinan barudak, hususna ajén atikana anu ngawengku ajén moral, ajén sosial, jeung ajén agama nya éta ngajadikeun budak leuwih séhat jiwa, ahlak, sarta moral dina mangsa nu bakal datang. Dumasar kana kasang tukang, masalah anu ditalungtik museur kana ngaran-ngaran kaulinan, cara maénkeunana, istilah-istilah kaulinan, ajén atikan naon nu aya dina kaulinan-kaulinan barudak sarta patalina kaulinan-kaulinan barudak anu dijadikeun pikeun bahan pangajaran di SD.

1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah anu di talungtik perlu dirumuskeun dina wangun pertanyaan. Ku kituna, ieu masalah diwincik dina wangun pertanyaan saperti ieu di handap.

- 1) Kaulinan naon waé nu aya di Désa Sukamaju Kecamatan Cigudeg Kabupatén Bogor?
- 2) Istilah-istilah naon waé nu aya dina kaulinan barudak di Désa Sukamaju Kecamatan Cigudeg Kabupatén Bogor?
- 3) Ajén atikan naon nu aya dina kaulinan barudak di Désa Sukamaju Kecamatan Cigudeg Kabupatén Bogor?
- 4) Naha kaulinan barudak bisa dijadikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SD?

1.3 Tujuan Panalungtikan sacara Umum jeung Husus

1.3.1 Tujuan Umum

Kaulinan barudak miboga ajén atikan anu gedé mangpaatna pikeun ngamekarkeun jiwa, ahlak tur moral sarta tumuwuhna kaparigelan, karancagéan jeung paripolah anu bakal ngajadikeun hiji sikep jiwa nu hadé dina mangsa nu bakal datang.

Kaulinan barudak miboga fungsi pikeun numuwuhkeun rasa solidaritas sarta ayana ajén atikan dina kakawihan-kakawihan nu aya dina kaulinan barudak, bisa dijadikeun bahan ajar dina kompetensi dasar ngaregepkeun. Sedengkeun kaulinan anu aya di jaman kiwari leuwih kana kasugemaan nu ngajadikeun barudak teu paduli kana lingkungan sabudeureunana.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan bisa dibagi jadi sababaraha hal, nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kaulinan barudak nu aya di Désa Sukamaju Kec. Cigudeg Kab. Bogor;
- 2) istilah-istilah kaulinan barudak nu aya di Désa Sukamaju Kec. Cigudeg Kab. Bogor;
- 3) ajén atikan nu aya dina kaulinan barudak nu aya di Désa Sukamaju Kec. Cigudeg Kab. Bogor;
- 4) kaulinan barudak pikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SD.

1.4 Manfaat Panalungtikan

1.4.1 Manfaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nya éta bisa dijadikeun bahan pangajaran nu luyu jeung SKKD utamana dina kompetensi dasar ngaregepkeun.

1.4.2 Manfaat Praktis

Salian ti mangpaat tioritis, ieu panalungtikan ogé miboga mangpaat praktis di antarana:

- 1) pikeun ngamumulé budaya Sunda ngaliwatan kaulinan barudak;
- 2) pikeun ngamekarkeun budaya Sunda;
- 3) pikeun ngahudangkeun deui budaya Sunda hususna kaulinan barudak anu kalindih ku kamekaran téhnologi.

1.5 Wangenan Istilah

Sangkan henteu nimbulkeun salah tafsir kana ieu panalungtikan, perlu aya sababaraha istilah nu kudu dihartikeun, di antarana:

- 1) ajén atikan nya éta ajén-inajén ngeunaan hiji pangaweruh nu bakal méré mangpaat pikeun manusa sangkan hirup dina kahadéan. Atawa ajén-inajén nu dimeunangkeun ngaliwatan pangajaran pikeun kahadéan;
- 2) kaulinan barudak nya éta kaulinan anu sok diulinkeun ku barudak lembur nu tujuanana pikeun heureuy atawa lomba bari dihariringkeun ku kakawihan.

1.6 Anggapan Dasar

Anggapan dasar dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) kaulinan barudak nu miboga ajén atikan pikeun kahirupan dina mangsa nu bakal datang;
- 2) kaulinan barudak mangrupa perkara nu sok dipaké ulin ku barudak;
- 3) ajén atikan anu aya dina kaulinan barudak lembur Désa Sukamaju Kecamatan Cigudeg Kabupatén Bogor bisa jadi bahan ajar pikeun SD;
- 4) ajén atikan dina kakawihan nu aya dina kaulinan barudak lembur Désa Sukamaju Kecamatan Cigudeg Kabupatén Bogor bisa jadi bahan ajar pikeun SD, hususna dina kompetensi dasar ngaregepkeun;
- 5) kalindihna kaulinan barudak ku kaulinan jaman kiwari nu dipangaruhan ku kamekaran téhnologi.

1.7 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

1.7.1 Méthode Panalungtikan

Méthode nya éta cara gawé pikeun maham kana masalah nu jadi sasaran (Fathoni, 2006: 99). Méthode déskriptif nya éta méthode pikeun ngagambarkeun masalah nu keur disanghareupan, biasana masalah-masalah aktual ku cara nyusun atawa nyieun papasingan data, nganalisis data, nafsirkeun data, anu satuluyna nyieun kacindekan.

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif analisis. Sabab dina ieu panalungtikan nganalisis ajén-ajén atikan nu aya dina kaulinan barudak lembur tuluy dijéntrékeun sacara déskriptif.

1.7.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik mangrupa cara ngagunakeun métode nu tangtu pikeun ngahontal kana tujuan. Dumasar kana éta hal, dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

1) Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun téhnik wawancara, téhnik observasi, jeung téhnik dokuméntasi.

2) Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta nganalisis data tina hasil observasi, wawancara, sarta dokuméntasi anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan.

